



Pwofesè Nasyonal Ane a (PwoNA)

Objektif:

Pou selebre epi rekonpanse ekselans nan ansèyman nan peyi Ayiti.

Apèsi:

Chak ane P4H pral selebre ekselans nan ansèyman nan onore yon seri pwofesè ki eksepsyonèl ki kontribye anpil nan bon kalite edikasyon an Ayiti. P4H kwè ansèyman ta dwe pwofesyon ki pi enpòtan an Ayiti epi yo ta dwe leve pwofesè yo byen wo epi fè gran fèt pou yo pou kontribisyon yo nan sosyete Ayisyen an. Prim sa pral prim ki pi fòmèdab nan ansèyman an Ayiti. Li pral selebre kontribisyon pwofesè yo nan tout kote nan peyi a, pandan l ap fè pwomosyon pou pwofesyon anseyan an nan kilti ak sosyete Ayisyen an.

Pwosesis ak Kalandriye

Ap genyen yon pwosesis seleksyon ki rijid ki pral fèt pou idantifye yon pwofesè ekstraòdinè ki te bay yon gran kontribisyon nan kalite edikasyon an Ayiti.

1. Etap I: Kandidati

- a. Direktè lekòl yo ak pwofesè yo toupatou nan peyi a ap gen opòtinite pou yo nome yon pwofesè ki montre vrèman ekselans li nan ansèyman. Nenpòt edikatè ap gen opòtinite pou nome yon pwofesè ki ekselan.
- b. Kandidati yo ap gen eleman sa yo ladan:
 - i. Enfòmasyon sou Kandida a: Non li, nimewo telefòn li, imel li, klas li anseye, matyè li anseye, non lekòl li, vil ak departman li fè kou ladan, 3-4 fraz ki pale sou rezon ki fè se li ki merite genyen prim sa.
 - ii. Enfòmasyon sou Moun ki Refere Kandida a: Non li, nimewo telefòn li, WhatsApp li, relasyon l ak kandida a.
- c. Kandidati yo dwe fèt sou platform sa yo:
 - i. Fòm sou entènèt: p4hglobal.org
 - ii. Imel: biwo@p4hglobal.org
 - iii. Telefòn: 3222 2503
 - iv. WhatsApp: 3222 2503
 - v. Facebook: Kominote Pwofesè Ayisyen
- d. Yon pwofesè kalifye pou patisipe sèlman si:
 - i. Yo gen dezan (2) eksperyans nan ansèyman omwen.
 - ii. Yo se pwofesè plen tan





- iii. Yo anseye nan lekòl fondamantal oswa nan segondè
- iv. Yo pase plis tan nan jounen lekòl la nan enstriksyon dirèk elèv yo
- v. Yon gen bonjan kalite moral. Yo pat angaje, osinon pa pral angaje yo nan okenn seri zak ilegal.
- vi. Yo gen plan pou kontinye nan pwofesyon ansèyman an pandan senkan (5) ankò.

2. Etap II: Aplikasyon

- a. P4H ap gen pou rele tout kandida epi mande yo pou yo bay yon aplikasyon ki konplè
- b. Kalifikasyon patisipasyon pwofesè yo pral konfime.
- c. Men kòman yon aplikasyon ki konplè dwe ye:
 - i. 2 Disètasyon (Ki jan wòl ou kòm yon pwofesè evolye pandan ane ou te nan salklas la? Poukisa ou merite tit Pwofesè Nasyonal ane a?)
 - ii. CV
 - iii. Lèt rekòmandasyon
 - iv. Videyo Ansèyman
 - v. Yon Plan Leson
 - vi. Foto pwofesyonèl
 - vii. Palmarès
 - viii. Enfòmasyon demografik (Konfime enfòmasyon kadidati)

3. Etap III: Entèvyou yo

- a. P4H pral fè entèvyou nan telefòn ak 50 pi bon aplikan yo
- b. Kesyon entèvyou yo pral baze sou kritè jijman yo (gade anba a)
- c. P4H ap idantifye 1 finalis nan chak departman

4. Etap IV: Seleksyon

- a. Yon gwoup manm jiri ekspè ki gen 10 jij ladan ki soti nan plizyè sektè nan peyi a, ap gen pou resevwa tout 10 meyè finalis yo.
- b. Pwofesè Departmantal pou ane a ap seleksyone. Yon pwofesè ekselan nan chak departman ap seleksyone pou reprezante kòm Pwofesè Departmantal pou Ane a.
- c. Apre yon pwosesis seleksyon ki rijid, yon pwofesè ap seleksyone epi onore kòm Pwofesè Nasyonal pou Ane a.

Pwosesis Jijman an:

Jijman pou prim sa ap yon jijman trè pwofesyonèl epi rijid tou. Chak etap nan pwosesis yo ap gen pwòp griy jijman pa yo ki fèt sou fòm Echèl Likert a. Egzanp, nan kèk seksyon 0 reprezante kantite pwen ki pi piti yon kandida ka resevwa epi 5 reprezante pwen ki pi gwo a. Sistèm pwen sa ap pèmèt P4H idantifye, nan yon fason kalitatif kandida ki pi kalifye a pou chak etap yo. De (2) Espesyalis Edikasyon P4H ap gen pou jije chak etap apa. Non yo ak lekòl yo ap kache pou evite tout paspouki. Lè chak espesyalis fin mete pwen pou yon kandida, moyenn de (2) pwen yo pral kalkile epi atribiye a kandida a. Chak jij ap resevwa yon ribrik detaye pou chak etap ki gen notasyon.





Etap 1: Kandidati yo – 0 pwen maksimòm

Pa gen kritè pou jijman.

Etap 2: Aplikasyon – 25 pwen maksimòm

Kandida a ap gen pou li jije sou baz chak pati nan aplikasyon li an. Chak pati nan aplikasyon an ka resevwa maksimòm 5 pwen ototal. Pwofesè yo ki gen plis pwen ap ale nan twazyèm etap la.

- Disètasyon 1 – 5 pwen
- Disètasyon 2 – 5 pwen
- CV – 5 pwen
- Lèt rekòmandasyon – 5 pwen
- Kalite Aplikasyon an anjeneral – 5 pwen

Etap 3: Entèvyou – 25 pwen maksimòm

Pandan entèvyou an, kesyon ki pral poze yo ap gen rapò ak 5 endikatè P4H ap chèche yo. Pwen maksimòm pou entèvyou a sèlman se 25 lap ye. Pwofesè yo ki gen plis pwen ap ale nan katyèm etap la.

- Pasyon - 5 pwen
- Salklas santre sou elèv – 5 pwen
- Angajman nan aktivite kominote a – 5 pwen
- Inovasyon nan salklas – 5 pwen
- Enpak sou elèv – 5 pwen

Etap 4: Manm jiri yo 50 pwen maksimòm

Yon gwoup manm jiri ekspè ki gen 10 jij ladan ki soti nan plizyè sektè nan peyi a, ap gen pou resevwa tout 10 meyè finalis yo. Y ap resewa nòt yo tout la ak dokiman yo te soumèt yo epitou videyo obsèvasyon ki te fèt nan salklas yo. Chak jij ap gen pou jije chak finalis. P4H ap konte tout pwen yo epi finalis la ki gen plis pwen ap genyen.

1. CV (5 pts)
2. Disètasyon sou Premye Kesyon an (5 pts)
3. Disètasyon sou Dezyèm Kesyon an (5 pts)
4. Entèvyou ak P4H (5 pts)





5. Videyo Ansèyman (5 pts)
 6. Plan Leson an (5 pts)
 7. Lèt Rekòmandasyon (5 pts)
 8. Palmarès (5 pts)
 9. Apresyasyon Jeneral (10 pts)
- 50 Pwen Total (MAX)**

